



PEMERINTAH KABUPATEN GARUT
DINAS PENDIDIKAN
UPTD PENDIDIKAN KECAMATAN CISURUPAN
SD NEGERI BALEWANGI 01

ULANGAN TENGAH SEMESTER GENAP
TAHUN PELAJARAN 2014/2015

Mata Pelajaran : Bahasa Sunda No. :
Hari/Tanggal : Kamis, 5 Maret 2015 Nama :
Waktu : 90 menit Kelas : V (Lima)

Baca wacana di handap ieu sing tenget, pikeun ngarengsekeun soal no 1-5!

Nyaba ka Aki

Dadang teh pituin urang Bandung. Bumina di Sarijadi. Unggal pere semester, Dadang sok nyaba ka akina di Cisurupan Garut. Inditna ka Cisurupan teh sok bareng jeung pamana, nyaeta Mang Zatnika. Basa pere semester kamari oge, Dadang nyaba deui ka akina. Ngan harita mah nu marenganan teh lain Mang Zatnika wae, tapi Ceu Imas ge milu. Ceu Imas teh lanceukna Dadang nu matuh di Sumedang. Tabuh sapuluh isuk-isuk, Dadang, Mang Zatnika jeung Ceu Imas geus ngajarateng di Terminal Cicaheum, Bandung. Maranehna keur ngadaragoan mobil nu ka Cisurupan, Garut. Teu kungsi lila, jol mobil nu didagoan teh datang. Saeunggeus maranehna naraek, mobil teh maju muru ka Cisurupan.

A. Jawab soal di handap sing bener!

1. Urang mana ari Dadang?
2. Iraha Dadang sok nyaba ka akina?
3. Dimana lembur akina Dadang?
4. Jeung saha wae Dadang indit ka akina teh?
5. Dimana maranehna nungguan mobil teh?

B. Pilih salah sahiji jawaban a, b, c, atawa d nu dianggap paling bener!

6. Nudigawe kerja bakti teh teu jumlahna.
a. itung b. balitung c. itungan d. kaitung
7. nu angkat ka Malangbong teh?
a. Iraha b. Dimana c. Saha d. Kumaha
8. Surat mangrupa alat komunikasi dina wangun.....
a. lisan b. tulisan c. langsung d. gambar
9. Dinu kariaan ayeuna mah jarang anu wayang golek.
a. nanggap b. nabeuh c. nahan d. nayaga
10. Pacabakan Mang Udin sapopoe ngebon palawija jeung bungbuahan.
Pacabakan sarua jeung.....
a. Kabiasaan b. Pagawean c. kalangenan d. sasadiaan
11. “Pantes barudak teh ngarasa sieun ku Mang Somad mah, da beungeutna bosongot”.
Bosongot saenyana mah ngaran kembang.....
a. boled b. bako c. cabe d. laja
12. Ari maneh memeh gawe teh bet menta heula buruh, dasar.....
a. Mabok manggih gorowong c. Adean ku kuda beureum
b. Pupulur memeh mantun d. Agul ku payung butut
13. Nuju jongjon maca, na ari lampuna pareum.
a. les b. bray c. reup d. ces
14. Nyi Ani leumpangna ngageboy kawas meri.
Gaya basa kalimah diluhur nyaeta....
a. Metapora b. Simile c. Personifikasi d. litotes
15. “Resep budak eta mah lamun dititah teh hampang birit.” **Hampang birit** hartina...
a. Pangedulan b. Sopan c. Bageur d. Daekan

C. Eusian soal-soal dihandap ieu cing bener!

16. Robah kalimah *aktif* dihandap kana kalimah *pasif*!

a. Jang Dadan meuncit hayam pelung.

.....

b. Kang Maman keur nyebor pepelakan di kebon.

.....

17. Harti paribasa, *adean ku kuda beureum nyaeta*.....

18. Jieun kalimah tina kecap-kecap dihandap ieu:

a. *dahar* :

.....

b. *neda* :

.....

c. *tuang* :

.....

19. Ari jeung dulur teh ulah sok atah anjang. ***Atah anjang*** hartina.....

20. Bu Asih - di- Bahasa Sunda - ngawulang - kelas V - nuju

Robah kalimah acak diluhur jadi kalimah nu saluyu!

.....